# QARAQALPAQ TILINDEGI LAQAPLARDÍ IZERTLEW MÁSELESI

**Qurbanov Muxtarbay Dauletbaevich,**
*Filologiya ililmleriniń doktorı (DSc), NMPI Qaraqalpaq tili kafedrası docenti*

**Ataniyazova Aziza Muxamedjanovna,**
*NMPI Qaraqalpaq tili hám ádebiyatı qánigeligi 1-kurs magistrantı*

**Dauletbaeva Nargiza Sabit qızı,**
*NMPI Qaraqalpaq tili hám ádebiyatı qánigeligi 1-kurs magistrantı*

**DOI:** https://doi.org/10.5281/zenodo.18902446

***Annotaciya:*** *Izertlewde qaraqalpaq tilindegi laqaplar hám olardı izertlewdiń ilimiy áhmiyeti, bul baǵdardaǵı ilimiy jumıslardıń talqısı berilgen.*

***Tayanısh sózler:*** *onomastika, antroponimika, antroponim, adam atları, laqaplar, ádebiy laqaplar, til bilimi, tariyx, etnografiya.*

***Аннотация:*** *В исследовании представлены прозвища в каракалпакском языке и научная значимость их изучения, анализ проведенных научных работ.*

***Ключевые слова:*** *ономастика, антропонимика, антропоним, личные имена, прозвища, лингвистика, история, этнография.*

***Abstract:*** *The study presents nicknames in the Karakalpak language and the scientific significance of their study, analysis of scientific works.*

***Keywords:*** *onomastics, anthroponymy, anthroponym, personal names, nicknames, linguistics, history, ethnography.*

Hárqanday tildegi menshikli atamanıń (adam atı, jer-suw atı) payda bolıwınıń az bolsa da tariyxı bar. Antroponimlerdiń tiykarǵı xızmeti adamlardı jámiyette bir-birinen ajıratıp kórsetiw bolıp tabıladı. Tuwılǵan nárestege ata-anası hám jaqınları tárepinen isim qoyıladı hám bul isim ol tuwılǵanınan baslap dúńyadan ótkenge shekem qollanıladı. Sol ushın da túrkiy xalıqlar turmısında tuwılǵan balaǵa at qoyıw úlken juwapkershilikti talap etken.

Hárqanday tilde qollanılıp júrgen antoronimlerdi úyreniw nátiyjesinde xalıqtıń tariyxın, jasaw sharayatın, úrip-ádet hám dástúrlerin, dúńyatanımın, isenimi hám usı sıyaqlı máselelerdi biliwge boladı. Antroponimika onomastikanıń bir tarawı bolıp, onda jeke adam atı, familiyası, ákesiniń atı, ataq (titul) atı, jasırın (psevdonim) atı hám laqap atı úyreniledi.

Adamzat sanasınıń ósıwı, mádeniy-turmis dárejesiniń jetilisip barıwı menen menshikli adam atlarınıń jańa úlgileri qáliplesip, olardıń ahmiyetine de kewil awdara baslaǵan. Sol sebepli, adam atlarınıń eki túrli jaǵdaydaǵı qollanılıw ózgesheligi kelip shıqqan. Onıń birinshisi – adamnıń tiykarǵı rásmiy ismi, ekinshisi – rasmiy emes, yaǵniy qosımsha atı. Qosımsha atlardıń bir túrine laqaplar kiredi. Laqaplar da adam atları sıyaqlı nominativ, yaǵnıy ataw, birdey atqa iye eki adamdı bir-birinen ajıratıp

kórsetiw wazıypasın atqaradı. Bul tárepinen ol menshikli adam atı talabına juwap beredi. Kóplegen xalıqlar tilinde laqaplar ushırasadı.

Lingvistikalıq sózlikte laqapqa mınaday anıqlama berilgen: *Laqap* – jeke adamdı basqa adamnan yamasa birdey atqa iye adamlardı bir-birinen ajıratıp kórsetiw hám adamlardıń hár qıylı ózinshellik ózgesheliklerin bildiriw ushın qollanıladı [Сейдуллаева Д. 2018. 67].

Laqaplar hárqanday til antroponımiyasınıń belgili bir bólegin quraydı. Olar xalıqtıń kórkem oylawın, sınshıllıǵın, yumorlıq til sheberligin ózinde sáwlelendiredi. Laqaplardı izertlew til biliminiń ayırım mashqalaların sheshiwde hám milliy mentalitetti, xalıqtıń ásirler dawamında qáliplestirgen ádep-ikramlılıq qaǵıydaların, qádiriyatların úyreniwde bahalı derek bola aladı.

Adamzat turmısında adam jeke óz atına iye bolıwı alǵashqı jámiyetten berli bar ekenligi belgili. Laqaplar túrkiy xalıqlarda erte zamanlardan baslap qollanılǵanın kóriwge boladı. Máselen, V-VIII ásirlerge tiyisli túrkiy xalıqlarınıń jazba esteliklerindegi *Kultegin, Tonıkók* sıyaqlı atlar laqaplar esaplanadı. Ayırım ilimpazlar dáslepki adam atları, tiykarınan, laqaplardan ibarat bolǵan dep qaraydı. Qazaq tilshi alımı T.Januzaqovtıń kórsetiwinshe, alǵashqı jámiyette adamlar dene pishimi hám tulǵasına say laqaplar menen atalǵan [Жанузақов Т. 1988. 32].

Túrkiy tillerde laqaplardı keń kólemde izertlew jumısları XX ásirdiń ekinshi yarımınan baslandı. Qazaq tilshisi T.Januzaqov «Қазақ есімдерінің тарихы» dep atalǵan monografiyasında laqaplar tuwralı sóz etedi, olardıń menshikli adam atlarınıń basqa túrlerinen ózgesheliklerin, tiykarǵı belgilerin kórsetip beredi [Жанузақов Т. 1988. 32]. E.Begmatovtıń «Ўзбек тили антропонимикаси» dep atalǵan kandidatlıq dissertaciyasınıń ekinshi babınıń «Laqaplar» degen bóliminde ózbek tilindegi laqaplar keń túrde analiz etilgen hám olardı toparlarǵa bóliw máselesi, mashqalalar, semantika hám grammatikalıq dúzilisi qarastırılǵan [Бегматов Э. 1965].

Qaraqalpaq til biliminde laqaplar boyınsha izertlewler kóp emes. Qaraqalpaq onomastikası júdá kesh qolǵa alınǵan. Qaraqalpaqsha adam atları haqqındaǵı dáslepki izertlewler hám pikirler N.A.Baskakovqa tiyisli bolıp, ol «Каракалпакский язык» dep atalǵan ilimiy miynetinde qaraqalpaq onomastikasın izertlewdiń áhmiyetli ekenligin atap ótken edi [Баскаков Н.А. 1952. 19].

XX ásirdiń aqırlarına kelip, yaǵnıy 1990-jılları qaraqalpaq til biliminde antroponimlerdi arnawlı ilimiy baǵdarda úyreniwge kewil bóline basladı. Qaraqalpaq tilindegi laqaplar boyınsha arnawlı izertlewler alıp barıldı. Bul baǵdarda Yu.Xojalepesovanıń izertlewlerin atap ótiwge boladı. Ol 1995-jılı «Прозвища в система каракалпакской антропонимии» (Qaraqalpaq antroponimleri sistemasında

laqaplar) degen temada kandidatlıq dissertaciyasın qorǵadı [Хожалапесова Ю. 1995]. Onda qaraqalpaq antroponimleri quramındaǵı laqaplar, olardıń qollanılıwı, leksika-semantikalıq ózgeshelikleri, grammatikalıq qurılısı úyrenilgen. Qaraqalpaq tilinde qollanılıp júrgen kóplegen laqaplar talqıǵa alınǵan. Sonday-aq, usı avtordıń qaraqalpaq laqaplarınıń hár qıylı máselelerine arnalǵan ilimiy maqalaları jarıq kórdi.

Qaraqalpaq tilindegi menshikli atam atların úyreniw jumıslarına O.Sayımbetov ayrıqsha úles qostı. Ol 1998-jılı «Qaraqalpaq tilindegi adam atlarınıń quramı hám qurılısı» degen temada kandidatlıq dissertaciyasın qorǵadı. 2000-jılı baspadan shıqqan «Qaraqalpaq tilindegi menshikli adam atları» dep atalǵan monografiyasında, sonday-aq birqatar maqalalarında qaraqalpaqsha menshikli adam atlarınıń tariyxı, shıǵısı, quramı hám qurılısı, semantikalıq ózgeshelikleri, etimologiyası úyrenilgen. Sonday-aq, eski túrkiy tillerdegi ayırım laqaplar haqqında maǵlıwmatlar berilgen [Сайымбетов О.Т. 2000].

Tariyxıy kórkem shıǵarmalar tekstlerindegi antroponimlerdi toplaw, olardı úyreniw til bilimi ushın, sonday-aq isim qoyıw dástúrlerine baylanıslı maǵlıwmatlardı alıwda paydalı derek esaplanadı. Usı kózqarastan alıp qaraǵanda, O.Sayımbetov, O.Dospanov hám N.O.Sayımbetovanıń «Қарақалпақ әдебияты классик шайырлары шығармалары тилиндеги антропонимлер сөзлиги» dep atalǵan miyneti tariyxıy antroponimika máselelerin úyreniwde áhmiyetli bolıp tabıladı. Sózlikte qaraqalpaq ádebiyatı klassik shayırları Jiyen jıraw, Kúnxoja, Ájiniyaz, Berdaq, Omar hám Ótesh shıǵarmaları tilindegi qollanılǵan adam atları, familiya hám áke atları (otchestvo), laqaplar, ádebiy laqaplar, ataq (titul) atlarǵa keń túrde túsinik berilgen [Сайымбетов О., basqalar. 2013].

Tilshi ilimpazlar Q.Paxratdinov hám Q.Bekniyazovlar 2023-jılı «Лақаплар» dep atalǵan sózlik túrindegi miynetin járiyaladı. Avtorlar bul sózlikke qaraqalpaq tilinde burın hám házirde qollanılıp kiyatırǵan laqaplardı álipbe tártibinde jaylastırǵan. Sózliktiń tiykarǵı maqseti – laqaplardıń mánisin, qoyılıw sebeplerin túsindiriwden ibarat [Пахратдинов Қ. 2023].

Qaraqalpaq antroponimleri quramınıń belgili bólegin laqaplar quraydı. Olar adamnıń hár qıylı ózgeshelikleri, máselen, sırtqı kórinisi, dene dúzilisindegi artıqshalıq yamasa kemshilikler, unamlı hám unamsız minez-qulqı, jónsiz háreketleri, psixologiyalıq halatı, kásibi, qaysı ruwǵa tiyisli ekeni, lawazımı, ataqları hám taǵı basqa ózgesheliklerge baylanıslı bolıwı múmkin. Ayırım laqaplar yumor-satiralıq xarakterge iye boladı. Bunday laqaplar kóbirek qatar-qurbılar, jora-joldaslar arasında payda boladı. Laqaplar awıl adamları, mektep jasındaǵı oqıwshılar arısında kóp

ushırasadı. Adamǵa bala gezinde qoyılǵan laqap úlkeygen (eseygen) waqtında da saqlanıwı múmkin. Yamasa belgili bir dáwirlerde olar qollanılmay qalıwı múmkin.

Laqaplardıń mánis-mazmunınan xalıqtıń ótmishi, social-ekonomikalıq turmısı, atama beriw tájiriybeleri, etika-estetikalıq mádeniyatın biliwge boladı. Laqaplar da leksikalıq birlikler sıyaqlı waqıttıń ótiwi menen qollanılıwdan shıǵıp qalıwı, tek tariyxıy shıǵarmalarda saqlanıp qalıwı múmkin. Sonday-aq, jámiyettegi ózgerisler, jańalanıwlar, milletlerdin óz ara baylanısı, tillerdiń bir-birine tásiri nátiyjesinde jańadan laqaplar dóretile beredi.

Demek, aldaǵı waqıtları xalıq tilindegi hám tariyxıy kórkem shıǵarmalardaǵı laqaplardı toplap, olardı lingvokulturologiya, kognitiv lingvistika aspektlerinde úyreniw búgingi qaraqalpaq til bilimi ushın áhmiyetli dep oylaymız. Izertlew nátiyjeleri tek til bilimi emes, sonday-aq tariyx, etnografiya hám mádeniyat ilimleri ushın da qunlı material bola aladı. Izertlew materiallarınan qaraqalpaq antroponimleri sózligin dúziwde de keń paydalanıwǵa boladı.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. Баскаков Н.А. Каракалпакский язык. II. Фонетика и морфология. – М.: 1952.
2. Бегматов Э. Ўзбек тили антропонимикаси. – Тошкент. Фан. 1965.
3. Жанұзақов Т.Ж. Қазақ есімдерінің тарихы. – Алматы: Ғылым, 1988.
4. Пахратдинов Қ., Бекниязов Қ. Лақаплар. – Нөкис: Qaraqalpaqstan, 2023.
5. Сайымбетов О., Доспанов О., Сайымбетова Н. Қарақалпақ әдебияты классик шайырлары шығармалары тилиндеги антропонимлер сөзлиги. – Нөкис: Билим, 2013.
6. Сайымбетов.О.Т. Қарақалпақ тилиндеги меншикли адам атлары. – Нөкис, Билим, 2000.
7. Сейдуллаева Д. Тил билими терминлериниң түсиндирме сөзлиги. – Нөкис: Билим. 2018.
8. Хожалапесова Ю. Прозвища в система каракалпакской антропонимии. АКД. – Нукус, 1995.